

Sa pou Fè pou Doulè Kansè

What to Do for Cancer Pain – Haitian Creole

Doulè se fason kò ou pou di gen yon bagay ki pa bon. Sèlman ou konnen lè ou gen doulè ak fason li fè ou santi ou. Lè ou gen kansè sa pa toujou vle di ou pral gen doulè. Epi si ou gen doulè, se kapab akòz pwoblèm ki pa kansè. Tout doulè kapab trete epi ou ta dwe trete li. Fè ekip swen sante ou konnen doulè ou touswit; li pi fasil pou trete doulè a lè li fèk kòmanse.

Lè doulè kansè a sou kontwòl, ou vin pi alèz epi ou fè plis nan aktivite nòmal ou yo, tankou kapasite pou deplase plis, pou dòmi pi byen, epitou pou jwenn plis enterè nan aktivite ou te abitye fè yo.



Ou kapab gen doulè kansè akòz

- Kansè a poukont li
- Operasyon kansè, tretman yo ak tès yo



Doulè a kapab gen konsekans sou anpil aspè nan lavi ou.

- Ou ka pa kapab fè aktivite ou bezwen fè yo.
- Ou ka gen twoub pou dòmi ak manje.
- Ou ka santi ou fatige oswa “deprime” pandan pifò tan an.
- Ou ka enève, fwistre, tris, epi menm fache.



Kèk eleman sou tretman doulè kansè

- Doulè kansè kapab pi fasil pou li kapab kontwole.

- Pi bon fason pou kontwole doulè kansè se pa janm kite li kòmanse epitou se anpeche li vin grav.
- Si ou pran medikaman pou doulè kansè selon enstwiksyon ekip swen kansè ou sa ap ede ou kontwole doulè a.
- Pifò moun pa gen gwo kontwòl oswa pa pèdi kontwòl lè yo pran medikaman pou doulè kansè nan fason doktè di yo.
- Gen kèk aksyon ou kapab fè pou kontwole oswa menm evite efè segondè yo nan medikaman yo pou doulè.
- Gen kèk aksyon ou kapab fè pou kontwole doulè a san ou pa itilize medikaman.



Medikaman pou doulè

Gen anpil medikaman, anpil fason pou pran medikaman yo, ak anpil tretman san medikaman ki kapab ede soulaje doulè ou. Travay avèk ekip swen kansè ou pou jwenn tretman pou doulè kansè ki travay pi byen pou ou.


Men kèk kesyon ou ta vle poze ekip swen kansè ou konsènan medikaman doulè:

- Ki kantite medikaman mwen ta dwe pran? Konbyen fwa mwen ta dwe pran medikaman an?
- Si medikaman an pa travay, èske mwen kapab pran plis? Si wi, ki kantite?
- Èske mwen ta dwe rele ou anvan mwen pran plis?
- Kisa pou mwen fè si mwen bliye pran medikaman an oswa si mwen pran li twò ta?
- Èske mwen ta dwe pran medikaman an avèk manje?
- Konbyen tan l ap pran pou medikaman an kòmanse travay?
- Èske li bon pou mwen kondi oswa opere ekipman apre mwen pran medikaman an?
- Ki lòt medikaman mwen kapab pran avèk medikaman pou doulè a?
- Ki medikaman mwen ta dwe sispann pran pandan m ap pran medikaman pou doulè a?
- Ki efè segondè mwen kapab genyen nan medikaman an, kijan mwen kapab evite yo, epi kisa mwen ta dwe fè si mwen genyen yo?
- Èske gen aksyon mwen kapab fè pou ede mwen soulaje doulè a san mwen pa pran medikaman?



Fason pou pale konsènan doulè ou

Itilize yon echèl doulè pou eksplike kantite doulè ou genyen.



Dekri doulè ou.

Men kèk mo ou ta ka itilize:

- Lejè • Ap Boule ou
- Fò • Ki fè ou mal anpil
- Ki ba ou anpil soufrans • K ap pike ou
- K ap lanse ou • Ki fè ou santi ou paralize

Fè ekip swen kansè ou konnen:

- Kote ou gen doulè a
- Konbyen tan doulè a dire
- Sa ki fè doulè a pi byen soulaje oswa pi grav
- Si doulè a anpeche ou fè aktivite ou vle fè yo
- Sa ou te eseye pou fè doulè a soulaje pi byen epi si sa te travay



Pale avèk ekip swen kansè ou

Pale avèk ekip swen kansè ou pou fè yo konnen si doulè a pa reponn ak tretman an si li vin pi grav, oswa si ou pa kapab leve sou kabann pandan plis pase 24-48 èdtan.



Pou jwenn enfòmasyon ak repons sou kansè, ale sou sitwèb Sosyete Ameriken pou Kansè (American Cancer Society) **cancer.org** oswa rele nou nan nimewo **1-800-227-2345**. Nou la lè ou bezwen nou.



cancer.org | 1.800.227.2345

©2024, American Cancer Society, Inc.
No. HAI213305 Rev. 7/24

